

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan téh mangrupa salah sahiji cara ilmiah pikeun nyangking data nu miboga udagan jeung mangpaat nu tangtu. Dumasar kana éta hal, kagiatan panalungtikan kudu dumasar kana ciri paélmuan, nya éta rasional, empiris, jeung sistematis. Rasional hartina kagiatan panalungtikan dilakukeun ku cara hal-hal nu asup akal, data nu ditéangan mangrupa data empiris (bisa ditalungtik) sarta miboga kritéria nu tangtu mangrupa data anu valid, jeung ngagunakeun léngkah-léngkah anu sipatna logis jeung sistematis (Sugiyono, 2013, kc. 2).

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif kalawan pamarekan étnografi nu maké métode déskriptif analitik. Dina ieu métode dipedar ngeunaan pasualan-pasualan nu ditalungtik sacara jéntré. Métode panalungtikan ieu ngagunakeun cara ngumpulkeun data jeung nganalisis sacara kritis kana data-data nu ditalungtik, saluyu jeung fakta-fakta nu kacangkem nalika panalungtikan.

Métode déskriptif analisis étnografi dipilih pikeun nganalisis kelompok kasenian. Prosés panalungtikan nu ngagunakeun stratégi étnografi téh sifatna fleksibel, saluyu jeung kondisi panalungtikan dina ngaréspon kajadian-kajadiannalika lumangsungna panalungtikan di lapangan. Métode déskrifsi étnografi, dipilih pikeun nganalisis kelompok kasenian. Prosés panalungtikan nu ngagunakeun strategi étnografi téh sifatna fleksibel. Saluyu jeung kondisi panalungtikan dina ngaréspon kajadian-kajadian nalika lumangsungna panalungtikan di lapangan. Saperti anu ditétlakeun ku Creswell (2012, kc.20) ngeunaan strategi étnografi, nya éta:

“Etnografi merupakan salah satu strategi penelitian kualitatif yang di dalam penelitiannya menyelidiki suatu kelompok kebudayaan di lingkungan yang alamiah dalam periode yang cukup lama dalam pengumpulan data utama, data observasi dan data wawancara. Proses peneitian fleksibel dan biasanya berkembang sesuai kondisi dalam merespon kenyataan-kenyataan hidup yang dijumpai dilapangan.”

Téhnik ngumpulkeun data panalungtikan dicangking ngaliwatan wawancara, obsérvasi, studi literatur jeung dokuméntasi saperti anu ditétélakeun ku Bugin (2010, kc.107), nya éta:

“Berdasarkan manfaat empiris, bahwa metode pengumpulan data kualitatif yang paling independen terhadap semua metode pengumpulan data dan teknik analisis data adalah metode wawancara mendalam, observasi partisipasi, bahan dokumentasi, serta metode-metode baru seperti metode bahan visual dalam metode penelusuran bahan internet.”


Nurutkeun Bogdan jeung Taylor (dina Moleong, 2007, kc.4), métode kualitatif nya éta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa data tinulis atawa data lisan ti jalma atawa kelompok-kelompok kasenian nu ditalungtik. Dina panalungtikan kualitatif sok dipaké ogé istilah déskriptif.

3.1 Desain panalungtikan

Dumasar kana pamarekan anu dipaké nya éta étnografi, ieu panalungtikan ogé ngagunakeun désain étnografi.

Désain panalungtikan mangrupa rarancang nu digunakeun pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Tujuanana nya éta ngagambarkeun léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina panalungtikan, ti mimiti tatahar, nyieun kacindekan, jeung laporan. Désain dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

Lokasi jeung subjek panalungtikan nya éta ieu di handap.

3.2.1 Lokasi

Ieu lokasi panalungtikan pernahna di Gegerkalong Tengah/ Cigoléndang, RT 07 RW 04, Kelurahan Gegerkalong, Kecamatan Sukasari, Kota Bandung. Cigoléndang RT 07 RW 04 ieu kaasup daratan luhur, teu saperti daérah nu séjénna contona Karangsetra, Sukajadi ka handap anu kaasup daratan handap. lembur Gerlong Tengah Cigoléndang, hususna di RT 07 miboga wates daérah, wates daérah belah kulon nyaéta jalan tengah RT 8 RW 4, belah kidulna diwatesan ku Gang, nyaéta Gang H. Ridho Gg. 5, di RT 01/04. Belah kalérna, diwatesan ku Gg. H. Ridho, di RT 01/03, belah wétanna diwatesan ku Cai Walungan, RT 02/04. Sedengkeun Sacara topografis, lembur Gegerkalong Tengah/ Cigoléndang kaasup daérah daratan luhur. Suhu alam di lembur Gegerkalong téh aya dina kaayaan haneuteun. Daérahna loba ku pangwangunan, utamana kost-kostan. Sanajan pinuh ku pangwangunan tapi teu pati ngaganggu kana suhu di Kelurahan Gegerkalong, kusabab masarakat pada melak tatangkalan unggal imahna. Daérah Gerlong tengah atawa Cigoléndang, kelurahan Gegerkalong ieu téh miboga wates wilayah, nya éta di kalér diwatesan ku Kelurahan Ishola Kecamatan Sukasari di kidul diwatesan ku Kelurahan Cipedes Kecamatan Sukajadi di wétan di watesan ku Kelurahan Hegarmanah Kecamatan Cidadap jeung di kulon diwatesan ku Kabupaten Bandung Barat.

Numutkeun data nu aya di Kelurahan Gegerkalong taun 2017 Januari, jumlah pendudukna nya éta aya 27.665 urang, 18 urang warga Negara Asing sisana 27.647 Warga Negara Indonesia, penduduk lalaki aya 14.365 urang, penduduk awéwé aya 13.300 urang.

Jenjang pendidikan masarakat lembur Gerlong Kelurahan Gegerkalong téh nya éta ti mimiti TK, SD, SMP, SMA, nepi ka paguron luhur, tapi masarakat

Kelurahan Gegerkalong lolobana tamatan Sarjana. Ieu hal saluyu jeung data nu kapaluruh di kelurahan Gegerkalong. Agama jeung kapercayaan masarakat kelurahan Gegerkalong, umumna nganggem agama Islam. Basa nu digunakeun dina hirup kumbuh sapopoé di Kelurahan Gegerkalong nya éta ngagunakeun basa Sunda. Tapi salian ti basa Sunda, aya ogé nu ngagunakeun basa nasional (basa Indonésia) hususna ka jalma-jalma *musafir/pendatang*.

3.2.2 Subjek Panalungtikan

Nu jadi subjek panalungtikan nya éta Kasenian Penca Silat Paguron Mekar Pusaka Wangi nu aya di Gerlong Tengah RT 07, RW 07 (Cigoléndang) Kelurahan Gegerkalong Kecamatan Sukasari kota Bandung.

Paguron Mekar Pusaka Wangi miboga opat guru, Bah Éma, Bah Ida, Bah Encep, jeung Bah Ijay. Nayaga na 6 urang, jeung muridna 205 urang. Penca silat Paguron Mekar Pusaka Wangi miboga babaraha aliran pencak silat saperti Cimandé, Cikalong, jeung Sabandar anu eta jurus-jurus mekar pusaka wangi téh dirangkai janten hiji ibingan, ogé aya gerakan senam ti PPSI (persatuan pencak silat seluruh Indonesia) ti para Guru Paguron Mekar Pusaka Wangi mangrupa anggota PPSI (persatuan pencak silat Indonesia) miboga éстетika gerakan silat tina ibingan anu sipatna pakem pas kana patokan, gerakan buhunna pas kana wirahma. Ibinganana nyoko kana Ibingan PPSI, ibingan pangleredan, tepak tilu, bunga opat ka lima pancer, limbung jeung padungdung. Ibingan Paguron Mekar Pusaka Wangi miboga gerakan sanalika nyaéta gerakan kasaktén, gerakan ti kajauhan anu ngalumpuhkeun lawan sakedep nétra.

3.2.3 Sumber Data

Dina panalungtikan ieu, nu dijadikeun sumber data téh nya éta buku jeung narasumber. Buku mangrupa sumber nalika nyaluyukeun hasil panalungtikan jeung data anu kapaluruh di lapangan, salian ti éta nyaluyukeun ogé jeung tiori-tiori inohong nu saluyu jeung bidang garapannana. Salian ti buku aya ogé data anu kapaluruh di lapangan, ieu data biasana mangrupa hasil tina wawancara jeung

sababaraha narasumber. Ieu data mangrupa data anu asli, sabab nalika proses nyangkemna ieu data téh langsung ti narasumberna jeung turun langsung ka lapangan. Narasumber anu mindeng diwawancara téh nya éta pupuhu paguron, guru penca silat, jeung murid-murid nu aya di paguron Mekar Pusaka Wangi.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu dipaké ku nu nalungtik dina ngumpulkeun data pikeun mantuan panalungtik sangkan leuwih babari jeung hasilna leuwih nyugemakeun, lengkep jeung sistematis sangkan leuwih babari diolah. Aya sababaraha instrumen panalungtikan nya éta angkét, chek list, pedoman wawancara jeung pedoman panalungtikan (Arikunto, 2010, kc.203).

Instrumen nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta HP. HP dijadikeun alat pikeun alat rékam sora nalika ngawawancara narasumber. Aya ogé kaméra digital, pikeun ngarékam nalika prosés panalungtikan. Aya ogé pedoman wawancara sangkan ngagampangkeun panalungtik nalika ngawawancara narasumber.

1. Handphone, salah sahiji alat nu digunakeun nalika panalungtikan. Saluyu jeung fingsi hp nu mangrupa alat komunikasi, hp didieun di gunakeun pikeun alat komunikasi jeung narasumber. Salian ti dijadikeun alat komunikasi, hp ogé bisa jadi alat pikeun ngarékam nalika prosés wawancara sakaligus jeung ngadokuméntasikeun data-data nu aya di lapangan nu mangrupa foto.
2. Kamera digital, digunakeun pikeun ngarékam, boh dina wangun video, boh dina wangun gambar atawa foto.
3. Pedoman wawancara, dipaké pikeun nyangking informasi lisan. Pedoman wawancara kudu aya sangkan dina prosés panalungtikan bisa lancar, saluyu jeung data anu dibutuhkeun.

Pedoman Wawancara

1. Biodata informan

- 1) Wasta :
- 2) Umur :
- 3) Pakasaban :
- 4) Kalungguhan :
- 5) Atikan :
- 6) Alamat :

2. Daftar patarosan jang guru jeung nu ngadegkeun paguron

- 1) Sajarah kasenian Penca Silat Paguron Pusaka Mekar Putri Domas.
 - Kumaha kasang tukang lahirna penca Silat Paguron mekar pusaka wangi?
 - Naon nu ngalantarankeun paguron ieu diadegkeun?
 - Naha bet dingaranan Mekar Pusaka Wangi?
- 2) Kondisi atawa kaayaan Paguron Pusaka Mekar Pusaka Wangi.
 - Kumaha perhatian pamaréntah kana kasenian penca silat Mekar Pusaka Wangi?
 - Kumaha respon masarakat kana kasenian penca silat Mekar Pusaka Wangi?
- 3) Kagiantan di Paguron Mekar Pusaka Wangi.
 - Iraha waé jadwal latihan penca silat Mekar Pusaka Wangi?
 - Naon waé kagiatanna?
 - Dimana tempatna?
- 4) Jurus jeung gerakan di Paguron Mekar Pusaka Wangi.

Firman Sidik, 2017

*ÉSTÉTIKA DINA KASENIAN PENCA SILAT PAGURON MEKAR PUSAKA WANGI DI KELURAHAN
GEGERKALONG KECAMATAN SUKASARI KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN
DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- Jurus jeung gerakan naon waé nu dipaké di Paguron Mekar Pusaka Wangi?
 - Istilah naon waé nu aya dina gerakan penca silat Mekar Pusaka Wangi?
 - Kumaha prak-prakan nalika latihanna?
- 5) Waditra jeung raksukan di Paguron Mekar Pusaka Wangi.
- Waditra naon waé nu sok dipaké dina kasenian penca silat Mekar Pusaka Wangi?
 - Kumaha raksukan nu dipaké dina kasenian penca silat Mekar Pusaka Wangi?
 - Aya properti atawa pakarang teu dina kasenian penca silat Mekar Pusaka Wangi?
- 6) Ciri has husus nu aya di Paguron Mekar Pusaka Wangi.
- Naon nu jadi ciri has dina kasenian penca silat Mekar Pusaka Wangi?
 - Kumaha karakteristik kasenian penca silat Mekar Pusaka Wangi?
 - Dina jurus jeung gerakan aya teu ciri has na nu ngabédakeun paguron ieu jeung paguron séjénna?
 - Dina waditra aya teu ciri has na nu ngabédakeun paguron ieu jeung paguron séjénna?
 - Dina raksukan aya teu ciri has na nu ngabédakeun paguron ieu jeung paguron séjénna?
 - Dina properti aya teu ciri has na nu ngabédakeun paguron ieu jeung paguron séjénna?
- 7) Aliran nu cokot ku Paguron Mekar Pusaka Wangi.
- Dina kasenian Penca Silat Mekar Pusaka Wangi naha mikawanoh ayana aliran-aliran penca silat atawa henteu?
 - Aliran nu dicokot ku paguron Mekar Pusaka Wangi aliran naon ?
 - Naha paguron Mekar Pusaka Wangitéh milu cabang ka batur atawa

<p>geus mandiri ?</p> <ul style="list-style-type: none"> • kiblata dina kasenia penca silat Mekar Pusaka Wangi téh ka Paguron mana? <p>8) Tempat manggung.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Biasana kasenian penca silat Mekar Pusaka Wangi ieu sok manggung di acara naon waé? • Kumaha respon masakrat nalika ninggal ieu kasenian penca Silat Mekar Pusaka Wangi? • Kumaha eksistensi penca silat Mekar Pusaka Wangi jeung kasenian-kasenian nu aya di daérah Bandung hususna?
<p>3. Daftar patarosan jang murid.</p>
<ul style="list-style-type: none"> • Naon mangpaatna diajar penca silat di Paguron Mekar Pusaka Wangi? • Kumaha respon sepuh kana penca silat Mekar Pusaka Wangi? Naha ngawidian atawa henteu? • Kagiatan penca silat Mekar Pusaka Wangi ieu ngaganggu teu kana sakola ?

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta observasi, ngawawancara, dokuméntasi, jeung catetan lapangan.

3.3.2.1 Tehnik Wawancara

Firman Sidik, 2017

ÉSTÉTIKA DINA KASENIAN PENCA SILAT PAGURON MEKAR PUSAKA WANGI DI KELURAHAN GEGERKALONG KECAMATAN SUKASARI KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Wawancara mangrupa paguneman anu dimaksud pikeun ngahontal hiji udagan. Bugin (2010, kc.108), nétélakeun yén:

“Wawancara mendalam secara umum adalah proses memperoleh keterangan untuk tujuan penelitian dengan cara tanya jawab sambil bertatap muka antara pewawancara dengan informan atau dengan orang yang sedang di wawancarai, dengan atau tanpa menggunakan pedoman wawancara, di mana pewawancara dan informan terlibat dalam kehidupan social yang relative lama”

Wawancara kualitatif dilaksanakeun nalika panalungtik boga maksud pikeun nyangking pangaweruh ngeunaan ma'na-ma'na subjektif biasana sok dipatalikeun jeung topik nu ditalungtik.

3.3.2.2 Téhnik Obsérvasi

Obsérvasi nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara ngalakukeun panalungtikan sacara langsung kana subjek nu rék ditalungtik. Téhnik obsérvasi dipaké pikeun nyangking gambaran ngeunaan kasenian penca silat Mekar Pusaka Wangi sarta pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kumaha sajarahna, kamekaranna, fungsina, sarta prak-prakan dina kasenian penca silat Paguron Mekar Pusaka Wangi di Kelurahan Gegerkalong Kecamatan Sukasari Kota Bandung.

3.3.2.3 Téhnik Dokuméntasi

Métode dokumentasi mangrupa salah sahiji cara pikeun ngumpulkeun data. Dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakan panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun naon waé nu ditalungtik ti mimiti nepi ka ahir.

3.3.2.4 Téhnik catetan Lapangan

Dina catetan lapangan panalungtik ngalakukeun panalungtikan ku cara nyieun catetan ringkes ngeunaan sagala peristiwa anu katinggali jeung kadéngé salila lumangsungna panalungtikan.

3.4 Téhnik Analisis Data

Firman Sidik, 2017

ÉSTÉTIKA DINA KASENIAN PENCA SILAT PAGURON MEKAR PUSAKA WANGI DI KELURAHAN GEGERKALONG KECAMATAN SUKASARI KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Miles jeung Huberman (dina Sugiyono, 2013, kc.247) nétélakeun yén aktivas dina analisis data kualitatif digunakeun sacara interfektif jeung lumangsung sacara tuluy-tumuluy nepi ka bérés. Aktivitas dina analisis data nya éta *data Reduction, data display, jeung conclusion drawing/ verification*.

a. *Data Reduction (redukdi data)*

Reduksi data nya éta prosés analisis anu dilakukeun pikeun nerjemahkeun, ngagolongkeun, jeung ngarahkeun kana hasil panalungtikan ku cara mokuskeun kana hal-hal anu dianggap penting ku panalungtik, bisa disebut ogé yén réduksi data miboga udagan pikeun nyangking pamahaman kana data anu geus dikumpulkeun dina hasil catetan lapangan ku cara ngarangcum jeung ngaklasifikasikeun saluyu jeung aspék-aspék masalah nu ditalungtik.

b. *Data Display (penyajian data)*

Penyajian data (data display) nya éta informasi nu bakal méré gambaran ka panalungtik sacara komprehensif, bisa disebut data sacara terperinci jeung komprehensif kalayan néangan pola hubunganna.

Penyajian data nu disusun sacara singget, jelas jeung rinci nu sakabéhna ditalungtik, Saterusna penyajian data disajikeun dina bentuk uraian laporan saluyu jeung data hasil panalungtikan nu dicangking.

c. *Conclusion Drawing Verifikation*

Conclusion Drawing Verifikation mangrupa usaha pikeun néangan harti, ma'na, penjelasan anu dilakukeun ngaliwatan data-data anu geus dianalisis ku cara néangan hal-hal nu penting. Kacindekan ieu disusun dina bentuk pertanyaan singkat jeung gampang dumasar kana udagan panalungtikan.

Ieu mangrupa prosédur anu dilakukeun panalungtik dina prak-prakan panalungtikan. Ku cara ngagunakeun tahapan-tahapan ieu, dipiharep panalungtikan nu dilakukeun téh bisa nyangking data jeung nyomponan kana

kritéria panalungtik nya éta derajat kapercayaan, maksudna data anu dicangking bisa dipercaya jeung dipertanggungjawabkeun kabenerannana.

Firman Sidik, 2017

*ÉSTÉTIKA DINA KASENIAN PENCA SILAT PAGURON MEKAR PUSAKA WANGI DI KELURAHAN
GEGERKALONG KECAMATAN SUKASARI KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN
DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu